ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ГУШІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДДОКІ

№42 (22.450) • 2013 гъатхэпэм (мартым) и 6, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и Іуэхущ1апІэм

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Унафэ тэмэмхэр къэпщтэн папщІэ, ц1ыхухэм я Іуэху еплъыкІэр пщІэн хуейщ

Щ1ыхуэхэм зэрызыкъыхуагъазэхэм хэпльэныкІэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхущ1апІэм нэгъабэ тхьигъэ 7588-рэ къыдІэрыхьащ Іуэху зэмыл1эужьыгъуэхэм теухуауэ, тхьэусыхафэу, кънэмыщ1у. 2011 гъэм елъытауэ щ1ыхуэхэхэм, гупхэм кьагъэхь тхьигъэхэр 705-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

ТХЫГЪЭУ 250-м кьащ1эта Іуэхуэхр дагъэкІащ, зэрызыкъыхуагъэзам теухуа жэуап зэпкърыха ц1ыху 3802-м иратащ, 650-м уущ1эхэпльэн щхьэусыгъуэ щ1ымЫэу ираты1ащ. Щ1ыху куэдым мы Іуэхущ1апІэм телефонкІэ зыкъыхуагъазэ, я тхьигъэхэм зэрыхэпльэр зрагъэщІэн папщІэ. Я пльэхуэм зэрыхэпльэм кърикІуам тхьигъэ къызыбгъэдэкІа псори щыгъуазэ ящ1.

Республикэм и унафэщІхэр 2011 гъэм тхьигъэу 6058-м, абы щ1ыщу КъБР-м и Іэтащхьэр 2592-м, 2012 гъэм псори зэхэту 6394-м, абы щ1ыщу КъБР-м и Іэтащхьэр 3484-м хэпльащ. Щ1ыхуэхэм къабгъэдэкІа тхьигъэу КъБР-м и Іэтащхьэм Коррупцэм пэщІэтыныныкІэ и линэм Іэрыхьахэм ящ1ыщу коррупцэм ебэныным темыуухаэрэн зыхуэфащэ ІэнатІэхэмрэ къулыкъущІэхэмрэ хэпльэн папщІэ иратащ.

Республикэм и унафэщІхэм кьаІэрыхьэ тхьигъэхэм я нэхъыбэр псэупІэм пыщІащ, апхуэдэу ахъшэкІэ, мылькукІэ зыщІагъэкъуэну зэрыщІэтпэлу тхьипхъэрщ. Апхуэдэу социальнэ ІэнатІэм екъэлІа, тхьэусыхафэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщыгъэльэгъуа тхьигъэхэри куэд мэхъу. Абыхэм ящхтщ унафэщІ лэжьакІуэ щхьэхуэхэм щ1ыхуэхэм я хуитныныгъэхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэпхэмрэ кьыдэзрырамыдзэм теуухаэхэри.

Кьанокъуэ Арсен зыкъыхуэхэзыгъазэхэм ящ1ыщ куэд щІолъэу жылагъуэхэр, хьэблэхэр псыкІэ кьыдэзрызэрагъэпэщ1ыр егъэфІэкІуэнымкІэ ядэІэпыкъуну. Аращ, псалъэм папщІэ, Урыху щ1ыщ Сырыкьуэ Жанетэ и тхьигъэри зытеуухаэр. Абы кьыхигъэщхьэхуэхащ кьуажэдэхэм псыр зэблэу кьыхэмыкІыу зэн зэрамыгъуэтыр. Кьанокъуэ Арсен я пщэ зэрырилъхьам тету, властым и щ1ыналъэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм трансформатор подстанщ1э зэрагъэпэщ1ыжри, псыр зэблэу кьыхэмыкІыу псоми яІэрыхьэу зэтрагъэувэжащ.

Апхуэдэ Іуэхуэхр куэдрэ кьыщ1эташ Кьанокъуэ Арсен республикэм и щ1ынальэхэр кьыщ1эзыкІухькІэ жылагъуэхэм кьыщ1эзрагъэпэщ1 зэІуущІэхэм. Апхуэдэ зэІуущІэхэм щекІуэкІа псалъэмакъэм республикэм и Правительствэр наблдэгубдзапльэу хэпльэжащ икІи 2011 гъэм абы кьыщ1ыхуэхэм я пкъыгьо. Сурэтым теухуа ильэситху программэ. Абы кьыщ1ыгъэльэгъуащ фІэкІыпІэ имыІэу дэтхэнэ зы жылагъуэми школ, сабий сад, амбулаторэ, спорт Іуэхущ1апІэ, щэнхабзэмкІэ уэн дэтын зэрыхуейр. Абыхэм къадэкІуэу, къуажэ къэс тэмэму псыкІэ кьыдэзрагъэпэщ1ыну, уэрамхэм асфальт трапльхьэну, уэздыгъэхэр щ1ыфІадзэну къапэщ1ыгъ. Зэрыщ1ыту а программэм сом мелард 16-м нэблагъэ трагъэкІуэдэнущ.

ИкъуэКІ мыхьэнэшхуэ зиІэ мы Іуэхум республикэм ильэс зыбжанэ хьуауэ щ1олэжь. Кьапщтэмэ, КъБР-м и дэтхэнэ районми кьыщ1ыхуэхащ нэхъыжьхэри нэхъыщ1эхэри зыщ1эльэуа физкультурэ комплексэр. Пэжщ, апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэр жылагъуэ псоми щынагъэсакъыж, ауэ аэхр зэрауэхэм иджы есы щ1ыхуэхэр кІэльопльэ. Кьащ1тэмэ, Прохладнэ кьаІэм щ1ыщ Къименкэ Галинэ КъБР-м и Іэтащхьэм и Интернет Іуэхущ1апІэм кьигъэжьа тхьигъэм кьыщ1ыхигъэщ хьэхуэІащ кьаІэм щ1ауэ спорт комплексыр щІэх дыдэ намыгъэсынкІэ зэрытешыныхьар. Абы хуигъэхьыжа жэуапым КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм кьыщигъэльэгъауэ мы уХуэныгъэм республикэ бюджетым и ахъшэу нэгъабэ сом мелуан 30 зэрыхуухахар, мы гъэм ар хэзэгъэпэщ1ынур. Дызэрыт ильэсым апхуэдэ спорт регионым Тэрч кьаІэмрэ Партан кьуажэмрэ кьыщ1эзэІуахьнущ.

Щ1ыхуэхэр кьызэрыпльІуам тету, Бахъсэн кьаІэм мэжджьыт дащ1ыхьащ, Налшык щ1ыщ школакІуэ Дзыхьмыт Рэмэзан воленбол зэрыджагун топхэр тыгъэ хуащІащ, Хэку зауэшхуэм и ветеран Юнинэ Валерие Владимир и пхъум хущ1ъуэхэр кьэщ1эхуным тригъэкІуэда ахъшэр хуапшыныжащ. Налшык щ1ыщ Караев Алим и пльэІукІэ «Ландыш», «Ландыш 2» жьигъэкІ зэгухьэныгъэхэм екІуалІэ гъуэгуэр зэрагъэпэщ1ажащ икІи автобус мыинхэр трагъэуващ. Бесенги кьуажэм щ1ыпсэухэм я щІэкІэ, Рахаев Исмаил зэрыщ1эльэІуам хуэдэу, Налшык-Безенги автобус маршрутыр кьиІэуІэахьжащ. Апхуэдэу зэфІагъэкІащ нэгъуэщ1 куэдхэми я пльэІухэр. Кьащ1тэмэ, сабинитІым я анэ, Налшык кьаІэм щ1ыщ Хосаевэ Маринэ и быныр садым игъэкІуэдыжащ, ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ Сэбан Аслъан компьютер тыгъэ хуащІащ, Налшык щ1ыщ Думэн Зэретэ и пльэІукІэ республикэ клиникэ сымаджэщым электрон тэрэзэ, нэгъуэщ1 Іэмэпсымэхэр кьыхуащэхуащ, Плановскэ кьуажэм щ1ыщ Быкьыщ Юрий гъавэ щиущ1ын щ1ы Іыхьэ хухахащ, Дзэлыкъуэ районым и Іуэхущ1апІэхэм я библиотекэхэм папщІэ тхьитхэр кьащэхуащ.

Апхуэдэ пльэІуэхэр зэрыдгагъэкІыр щ1ыхуэхэм хуабжьу гуапэ ящ1оху. Абы кьыхэкІыу КъБР-м и Іэтащхьэм хуэгъэза фІыщІэ псалъэхэр зэрыт тхьигъэхэр зы пльэсым кьрипбыдзу 76-м щетъжьажэу 118-м нэсащ. Апхуэдэ тхьигъэхэм щ1ыщ зы, Налшык щ1ыщ Скибэ Ольгэ кьыбгъэдэкІым, итщ: «Сэлам уэох, пщІэ зы-хуэсщІ Арсен Башир и къуэ! Фіыщ1э ин пхузощІ ныкъуэдыкъуэу (ДЦП узыфэр яІэу) кьалъхуа сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ центр кьыдэзрызэІуахам папщІэ. Дэ абы тЭункІэр щ1ызэрэзэІэзащ икІи ныкъуэ дигу ирихьащ. Дэ псэкІэ зыкъэтщІащ ди сабийхэр кьэралым Іэщ1ыб зэрримыщІар, дэр нэмыщІ абыхэм хуейхэр зэрыщ1ыпэр. Иджы сыпонтъэлъну сыхуейщ ипподромым иппотерапиемкІэ курсхэр кьыщ1ызэІуахьжьнымкІэ укъыддэзэпкъыкъну. Зи пльэм тэмэму имыІыгъ сабийхэр зэрыщ1ыпсэухэр кьыдэзрырашэкІыр хуабжьу сэбэп мэхъу. Абы я пльэр кьыщІегъэувэ мыхъужьи зэ зэфІакІыу кьалъытэ куэдым.

(КІэухуэр 2-нэ нап.)

● Коллегиехэр

Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

Я къару псори Іэнатіэр ефІэкІуэным ирахьэлІэ

КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм кьыдэзригъэпэща зэІуущІэ иджыблагъэ зэхэтащ. Абы кьыщапщ1эжащ 2012 гъэм узыншагъэр хьумэн Іэнатіэм щекІуэкІа лэжьыгъэр зыхуэдар, мы илъэсым кьапэщ1ыль кьаІэнхэри кьагъэнэІуащ.

ЗэІуущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэ Портэ Галинэ, республикэм узыншагъэр хьумэнымрэ курортхэмкІэ и министр Шэт Ирмэ, Парламентым ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хьумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ Жанатаев Сэлим, Узыншагъэр хьумэн Іэнатіэм и профсоюзхэм я рескомым и унафэщІ Яськовэ Ольгэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лЫкІуэкІэр, медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я дохутыр нэхьыщхьэхэр.

КъБР-м узыншагъэр хьумэнымрэ курортхэмкІэ и министрыр зыубгъуауэ тепсэльыхьащ Іэнатіэм и унэтІыныгъэ псоми щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм. Псом япэу абы кьиІэльэгъуащ узыншагъэр хьумэнымкІэ щ1ыІэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэр КъБР-м и Правительствэм и унафэкІэ зэрызэхагъэхьэжар, нэгъуэщІу жьиІэмэ поликлиникэхэр, амбулаторэхэр сымаджэщ нэхъыщхьэхэм ирапхыжащ. Узыншагъэм щ1ыкІэльыпльІ Іуэхущ1апІэхэр 128-рэ хьууэ щ1ытати, иджы аХэр 61-м хуагъэкІуащ. Ар хуэзэнэтІащ ц1ыхухэм ягъуэт медицинэ Іуэхутхьбзэхэр нэхьри егъэфІэкІуэнымкІэ.

- Республикэм дохутыр 3183-рэ, курыт медицинэ лэжьакІуэу 8658-рэ щ1ояжьэ, - жиІащ Шэт Ирмэ. - Медицинэм и унэтІныныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ Іэщ1аГъэлІ 845-м мы зэманым дахуэнкьуэущ. Министерствэм зэхилъхьащ «2013-2017 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хьумэнымкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІым зегъэужьын» программэ. Абы ипкъ иткІэ, Іэщ1агъэлІэхр щ1ахуриныкъу Іэнатіэхэм пэрыувэ дохутырхэм я улахуэм мазэ кьэс ахьшэ бжьыгъэ гуэр хуащІагъэнущ. Кьуажэхэм щ1ыЗ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм щ1ылажьэ Іэщ1агъэлІэхр трагъэгушхуэн папщІэ абыхэмя я улахуэм процент 25-рэ хущІагъэнущ. Апхуэдэу КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щеджэ студентхэми депсэльэнущ щ1ылэжьэну унэтІныныгъэхэр кьыщ1ыхахкІэ нэхъ дыдэ зыхуэныкьуэ Іэщ1агъэм трагъэщІэным теуухаэу.

Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэм я хэуапІэр ирагъэфІэкІуэныжмкІэ ядэІэпыкъуным епхаУ я кьыхальхьа «Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэр зэрылажьэм и гугъу щ1ыщым, министрым кьыхигъэщащ ныбжьыщІэ 136-м сом мелуан зыриз зэрырат, апхуэдэуи республикэ бюджетым кьыхэкІыу сом мин 100 дэтхэнэми зэрыхущІагъуар. А Іуэхум и фІыгъэкІэ, кьуажэ пхыдзакэми зыхуэныкьуэ дохутырхэр яІэ хъуащ.

Медицинэ лэжьакІуэхэм я улахуэм щытепсэльыхьым Шэтым жиІащ, УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа «Узыншагъэр хьумэн Іэнатіэм къэрал политикэр щеГъэфІэкІуэным теухуауэ» унафэр ягъэзащІэу, КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм республикэм ику ит щат улахуэм тещІыхьауэ - дохутырхэм процент 200-кІэ, курыт, нэхъыщІэ медицинэ лэжьакІуэхэм ейм процентэ 100-кІэ зэрыхагъэхъуэн программэ зэрызэхихьаР. Апхуэдэу 2013 гъэм ику итУ дохутырхэм я улахуэр сом 19627-рэ, курыт медицинэ лэжьакІуэм ейр сом 12133-рэ хьунущ. Кьащ1тэмэ, 2018 гъэм дохутырым - сом 55100-рэ, курыт медицинэ лэжьакІуэм сом 27550-рэ кІыхьу хъуну хуагъэфащэ.

Республикэм узыншагъэр хьумэнымкІэ и Іэнатіэм щекІуэкІ нэхъ лэжьыгъэшхуэ дыдэхэм ящ1ыщ псантхэр узыфэ зиІэ сымаджэхэм яГъэт дэІэпыкъуныгъэр сыт и пльэныкьуэкІи егъэфІэкІуэныр зэтеубгъэныр. Абы хуэунэтІауэ ирагъэкІуэжькІ лэжьыгъэхэм я гугъу пщІымэ, Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту псантхэр узыфэхэм щеІэзэ центр кьызэІухьнущ, абы и кьудамэхэр кьыщ1эзрагъэпэщ1нущ Налшык кьаІэ сымаджэщ №1-мрэ Прохладнэ кьаІэ сымаджэщымрэ. Ахэр зыхуеину Іэмэпсымэхэр иджырей мардэхэм хуэкІуэр кьащ1эху.

(КІэухуэр 2-нэ нап.)

● ЗэІуущІэхэр

Гуэзэвэгъуэм зыщ1ытхъумэфыну?

Урысейм и МЧС-м и кьудамэу КъБР-м щ1ыІэм и Іэтащхьэ Шагин Сергей тхьэмахуэ кІуам КъБР-м и Правительствэм и Унэм щ1ауІащ1ащ куей, кьалэ, къуажэ администрацІхэм я унафэщІхэм. Абы щытепсэльыхьащ1 муниципальнэ щ1ынальэм щ1ыпсэухэм я гъащІэр шынагъэнщ1у ирахьэкІыным, къэхъуакъащІэ гуэзэвэгъуэм зэрыщащхьумэ Іэмалхэр кьагъэІуРуащІэным и ильэсу 2013-рэр зэрыщ1ытынур.

Шагин Сергей къыщ1ипсальэм къыхигъэщащ зи гугъу ящІ Іуэхум трауХуэну зэІуущІэхэм мыр я япэу зэрыщ1ытыр, къыкІэльыкІуэу ахэр куейхэм, кьалэхэм зэрыщ1агъэкІуэкІынур. Урысейм и МЧС-м и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыІэм и унафэщ1ым и кьуэдзэ **Надежин Михаил** и гугъу ищІащ муниципальнэ щ1ынальэхэм къэхъуакъащІэ шынагъэ щ1ыщ1ымрэ щ1ыпсэухэм я щІэныгъэ Іуэхущ1апІэхэр къыщ1эІуахьным теуухуауэ ялэжьам. Надежиным зэрыжиІамкІэ, къэхъуакъащІэ гуэзэвэгъуэхэм я Іужьыр гъэзэкІуэжа зэрыхъуну щ1ыкІэр зыубзыхуу хабзэ Урысей Федерацэм иІэщ. «Ди республикэм щ1ыІэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм щ1алажьэхэм я бжьагъэм хэдгъэхъуэн хуейщ. Мы Іуэхум ухрамыхьэзырыну, убзэрыгъэну къеэзгъэкІыр», - жиІащ абы.

УТП-м и унафэщІ **Къэрмокъуэ Заур** къыщ1ипсальэм жиІащ гуэзэвэгъуэр къэмыгъэхъуным ехьэлІауэ къэралым зы системэ иІэ зэрыхьуар. Абы къызэригъэльэгъуамкІэ, муниципальнэ щ1ынальэхэм я унафэщІхэм къэрал Іуэхущ1апІэхэм щ1ылажьэхэр хурагъэдэжн хуейщ гуэзэвэгъуэр къэмыгъэхъуным, гуэзэвэгъуэ хэхуэмэ, щ1эІнухэм ехьэлІауэ. Щ1ыпІэ самоуправленэхэм абы трагъэкІуэдэн ахъшэ я ямыІэмэ, нэхъыщхьэІуэкІэ щ1ытхэм зыкъагъэзэну зэрыхуитми щ1ыгъуазэ ищІащ къызэхэсахэр.

Къэрмокъуэм къыхигъэщащ гуэзэвэгъуэ къэхъуа ижь, КъБР-м и Правительствэм УФ-м и Правительствэм зыхуигъазэу къыдэІэпыкъуну елъэІун зэрыхуейр. И чэзум ар умыщІэмэ, ц1ыхухэр утыкум къинэнущ.

ГПС-м и унафэщІм и куэдзэ **Хьэтыкъуэ Беслъан** къэпсэльащ мэзэхэр мафІэм зэрыщ1ыхъумапхъэмрэ ар зэрагъэнкІыфІын хуейм зэхэпІауэ Урысей Федерацэм и хабзэм къигъэувым теуухауэ.

- Мзэхэм мафІэсыр къыщ1ымыгъэхъуным ехьэлІауэ дэ Іуэху зыбжанэ къэтІэтащ, абыхэм ящ1ыщ мафІэсыр яГъэнкІыфІыным хэтыну Іуэхущ1апІэ 27-рэ къызэрызэрагъэпэщащ. «Хаббалкъарсовхозрапи» къэрал Іуэхущ1апІэм хуитныныгъэ иратащ мэз мафІэсхэр игъэнкІыфІыну. МафІэр гъэункІыфІыным трагъэкІуэдэну, федеральнэ мылькум къыхэкІыу, сом мелуани 3,4-рэ иратащ. Абы къыщ1ымыщ1ауэ, мафІэсыр зэрагъэнкІыфІ Іэмэпсымэхэр машинэрэ къритщхуну мелуан 16-м щІигъу федеральнэ мылькум къыхэкІыу къытхуаІуТыпщати, абыкІэ мафІэсгъэнкІыфІ машинэу 11 къэтщэхущ, - жиІащ Беслъан.

Псым къыщ1ыхьэу гуэзэвэгъуэхэмрэ къэхъуакъащІэхэмрэ я гугъу щ1ащІым, къыкІагъэщ1ащ 2005 - 2012 гъэхэм къриубыдзу псым цыху 298-рэ зэриткъэлар. Цыхухэм куэду зыщагъэпсэху щ1ыпІэхэм кІалъпльэну Іуэхущ1апІэу республикэм 25-рэ иІэщи, абыхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэ зэрыхъуну щ1ыкІэм и гугъу ящІащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Щэнхабзэ

Пшыхь дахэхэр къытпоплъэ

КъБР-м и Правительствэм и зэІуущІэм щэнхабзэмкІэ министр Фыырэ Руслан щ1ыжиІащ дж театрхэм я лэжьыгъэхэр нэгъуэщІ щ1ынальэхэм зэрыщагъэльагъуэ хабзэ дахэр зэрыщэпамыгъэур.

КъАПЩТЭМЭ, 2012 гъэм къриубыдзу Музыкэ театрыр Ставрополь къалэм, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрыр – Шэщэн Республикэм щ1ыщ, Щ1ОджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрыр Черкассы (Украинэ) щекІуэкІа «Сцена народства» пльэнкІэ зэхуакІу театр фестивальым хэтащ, Балъкъэр драмэ театрым и зэфІэкІ зэриІэгъэгуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цІыхухэм, апхуэдэуи аР тыркубзэхэм ирипсалъэ пльэпкъхэм я «Тугъанлык» театр фестивальым (щ1ыкІуэкІар Уфащ) хэтащ.

Ди республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм игъэбелджылащ «Гуэзаджэм и Іэпщ1эльапщІэхэр - къуажэм» зыфІаща Іуэхур. Абы къикІращи, спектаклхэмрэ концертхэмрэ щ1агъэльэгъуэнущ республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ. «Урысей щэнхабзэ (2012-2018 гъэхэр) федеральнэ программэм хьыкъу 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и театркэр щ1ынущ Москва къалэм, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Татэрстан, Хакасие, Башкортостан, Коми республикэхэм, Ставрополь крайм.

Ди щ1ынальэм и Іуэху дахэ хъуащ «Налшык - Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэщ» фестивальр. Абы къызэІуихыбзу екІуэкІащ Урысейм и къэрал академическэ симфоние оркестр Светланов Евгений и цІэр зезыхьэм, Пятницкий Митрофан и цІэкІэ щ1ыІэ Урыс къэрал академическэ цІыхубз хорым, Молдавие Республикэм лъэпкъ къафэмкІэ и «Жок» къэрал академическэ ансамблым я пщ1ыхьэр.

Темыркъан Юрэ и цІэр зэрихьэу зэхаубла симфоние музыкэмкІэ щ1ынальэ зэхуакъу фестивальм и ятІ зэІуущІэр гъэ кІуам Налшык щекІуэкІащ. Абы хьыхьэрт Москва щ1ыІэ «MUZICA – VIVA» кригъэкІуам, СССР-м и цІыхубз артист, Урысейм и Театр Иным и уэрэджьІакІуэ Соткилавэ Зураб, Пармэ и Пащтыкъ оперэм и солистхэм я оркестрым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым я концертхэр. «Южная сцена» Кавказ Ищхьэрэ театр фестивальм и ятІуанэ зэхьыхьэм хэтащ республикэхэм я драмэ театр нэхъыфІхэр.

«Мы зэманым ирихьэлІэу зэрыдубзыхьамкІэ, 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щедгъэкІуэкІынущ Симфоние музыкэмкІэ щ1ынальэ зэхуакъу фестивальм, Темыркъан Юрэ и цІэр зезыхьэм, и ятІуанэ зэІуущІэр, «Налшык - Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэщ» фестивальр, апхуэдэу зэхуакъу Налшык къэхІэнущ ЦІыхубз макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ Урысейм и лъэпкъ академическэ оркестрыр, Осипов Николай и цІэр зезыхьэр, «Виртуозы Москвы» къэрал камернэ оркестрыр», - жиІащ министрым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

(КІэухуэр 2-нэ нап.)

Сабиищ - насыпищ

● Хъыбар гуапэ

Налшык къалэ дэт Перинатальнэ центрым зы анэм сабиищ зэуэ къыщ1ильхъащ. Іуэхущ1апІэм и унафэщ1ым и къыдэхэзэр зыгъэзащІэ Позднэковэ Тамарэ зэрыжиІэмкІэ, иужьрей илъэс ныкъуэм апхуэдэ хэхъуэ иджы ещанэу яІэщ.

ЯПЭУ дунейм къытехьащ хъыджэбз ц1ыкІуитІыр (дэтхэнэми и къэльаагъэр килограмми 2-рэ грамм 300-рэ мэхъу), итІанэ, ц1ыхухъу нэсым зэрихабзэу, абыхэм къалэныкІуащ щІалэр (килограмми 2-рэ грамм 440-рэ). Сабийхэм абыхэм я анэ насыпыфІэ Ульбашевэ Іэсэти я узыншагъэр тэмэмщ, мыгувэу центрым щІатхъыкІыжынущ.

Операцэр ирагъэкІуэкІащ Іуэхущ1апІэм и обсервацэ къудамэм и унафэщІ Тембот Лолитэрэ акушер-гинеколог Жэмбэч Лимэрэ. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, бэлыхъугъэм и уэндэгъугъэр мазихым щынэсам щегъэжьауэ сабийхэр зэрыхэхъуэм аэр кІэльыпльащ, езы Іэсиятэ абыхэм я чэнджэщхэр егуГуу итъэпщІащ.

Іуэхур тэмэму зэрызэфІэкІам щыгуфІыкІар адэ-анэм я закъуэкъым, атІэ Перинатальнэ центрым и ІэщІагъэлІхэмэ абы гухэхъуэгъуэ кьарет, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар дохутырхэмэ я ехьэлІэныгъэшхуэщ.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

Дунейм щ1ыхъыбархэр

Мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэн

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ къэралым и Прокуратурэ нэхьыщхьэм и коллегием и зэІуущІэм.

Іуэхьэмрэ я кьулыкъухэр езыхэм я фейдэ зыхэлъхэм кьызэрыхуагъэсэбэныр, ебэныныр кьалэн нэхъыщхьэхэм ящ1ыщу кьызэрыпІэжьэ щ1ыхуэхэм я къэралым и Унафэщ1ым.

«А бэнэныгъэм кьрикІуэхэм елытащ щ1ыхуэм кърал Іуэхущ1апІэхэм дзыхь кьыхуащ1ынур зыхуэзгэнэр, абы еПхащ1 езы кьэралым щ1ытыкІэ зэпІэзэрыр щ1ынри. Коррупцэм щ1ыпщІэтын хуейщ Іэнатіэ псоми, абыхэм езы хабзэхъумэхэри прокуратурэри яхуэ, а Іуэхуэм политикэ и льэныкъуэкІи икъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ икІи Іуэльхьэ1ыхьхэм нэхъ тКІийуэ ябгъэдыхьапхъэщ. Сэ абыкІэ сыйпщогуГъ», - къыхигъэщащ Президентым.

Зи Іульджыр нэхъ инхэр

Къэралым зи Іульджыр щ1ыныхъ ину къальытэ щ1ыхуэхэм я щІэхэр къраІуащ хъыбарегъащІ Іуэхущ1апІэхэм.

2012 гъэм политикэм щ1ынэхъ льэрызехьэу, щ1ыхуэхэр зэщІзэгъэГуэфу, я Іуэху еплъыкІэхэм щІэзыгъэдЭуфу яхьзуаІа бзыльхъугъэхэм я дежяпэ увыпІэр щІыГъащ УФ-м ФедерацэмкІ и Советым и Унафэщ1 Матвиенкэ Валентинэ. Абы кІэльокІуэ Правительствэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэ Голодец Ольгэ, Медведев Дмитрий и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье, къралым и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Набиуллинэ Эльвирэ, УФ-м и Президентым и Администрацэм къеГъащ1ыІа къэрал-правовой управленэм и унафэщІ Брычевэ Ларисэ сымэ.

Хьэку тельыджэхэр

Чили къэралым и щ1ынІэ нэхъ хуабэхэм хеубыдэ Вилласеко къуажэр. Дунейр щ1ыхуабащэр щ1ыхуэхэм къекъуэкІ хабзэми, а жьилагъуэм щ1ыпсэухэм дыгъэм и зэран зрагъэжьащэркъым, уеблэмэ абы и кьурр фейдэ хуХьиІ1 ящІащ.

Чили къэралым дэт ресторанымрэ хьэку тІощІ щагъэуващ икІи ахэр зэрылажьэр уэздыгъэкъым икІи газкъым, атІэ дыпъэм и кьурущ. А хьэкухэр градуси 180-м нэхъ кьаГъэпль дыгъэм и бзий гуащІэ зэхуэхьэсахэм. ШХапІэр иПхъэ пщ1ыКуТІ хьуауэ мэлажьэ, щагъэхьэзыр ерыскъыхэри дунеяпльэ къэзыкІуХьу абы къэкІуаІэхэм хуабжьу Іуэрыхь ящ1ох. Дыгъэм и кьарууэ щ1ым къэсым фІэкІа нэгъуэщІ гъэсыныпхъэ кьамыгъэсэбэну къуэт зыщІэлъ ерыскъы Бфі іэрапщэфІыфыр яфІэтельыджэу хькуэхэр зэрылажьэми йопль хьэщІэхэр.

Вилласека жылагъуэм мазэ 310-кІэ дыгъэ кьыщопс - абы и цІэм «кьалэ гъущэ» кьоІ. Мы щхапІэм дыгъэр иджыри куэдрэ «зэрыхуэлэжьэнум» щэч кьытумыхьэми хьунущ, хькуэхэр зэрафІэгъэщІэгъэуэнри ерыскъыр хуабжьу гурыхь зэрращ1ыхьри къэпщІытэмэ.

Шарме Радж и хъуэпсапІэр

Индием щ1ыпсэу Шарме Радж дзыхьхэх Іуэху гъэщІэгъуэн иІэщ - ильэс иПхыщІрэ хьмэр хьуауэ абы... жьы хесэ.

«Хэсса жьигъэр си бын пэльытэщ. Абыхэм сегугъуу, си сабийхэм хуэдэу сеІаІэу къэзгъэхъуащ сэ», - жеІэ бзыльхъугъэм. Абы жьг минипІэм щІигъу хисакІэщ, парк пІыщІым я тепльэхэр егъэфІэкІуэнми хэлэжьыхьащ. ЗэфІигъэкІар мымащІэми, и ІуэхуэсапІэм и ІкъыпМ иджыри куэд хуейщ - Шарме жьг мелуан хисэну и гуращэщ. И мурадыр кьехъуЛэн щхьэкІэ, бзылъхъугъэм и мылькум щ1ыщу щ1ыхуэкъэс цент тхуиГсъэтІыль. Езым зэрыжиІэмкІэ, ахьшэр экологиергъэфІэкІуэным къыхунГъэсбэныщ.

И унэм и Іэгъуэблагъэми жьг мащІэ щ1ыхисакъым абы. Жьагъащхьэхэм къуадзэхэр щобэрабзэ, кІэпхъ щ1ыкІуэр щ1ызэрызохьэ. А псоми бзылъхъугъэ гумащІэри и гъунэгъуэхри яГъэуфФэ, и мурадыр кьехъуГэнми трагъэгушхуэ. А псор Шарме и кьарум щІыдэхуэр и унагъуэм щІэхэсэми зэхащІыкІ, зэрахуэфІэкІкІи кьыдоІэпыкъури аращ.

НОБЭ

□ 1925 гъэм «Пионерская правда» газетым и яп номерыр кьыдэкІащ.

□ Кьхьулатэтэхэу цІэрыІуэ, авиацэм и маршал, Совет Союзым щэнхэрэ и Лыхьужь **Покрышкин Александр** къызэрыкІуэр и ильэс ящІэ ирокъу.

□ Дунейм и ятІ щ1ыхьэ-космонавт, Совет Союзым и Лыхьужь **Терешковэ Валентинэ** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щ1ытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым къыдэкІыгъэ Іуэхущ1апІэр зыщІэлъ Налшык щІэныгъэ Іуэхущ1апІэм и Аналитикэ Іуэхущ1апІэм и Унафэщ1 **Зыгъэхъэзырыр ЖЪЭКІУМЫХЬУ Мариэтэ.**

Лъэпкъ Іуэщ1гъэ:

Итъэс Іуэху къэщтэжьыгъуейщ.

Унафэ тэмэмхэр къэпщтэн папщIэ, цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэр пщIэн хуейщ

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.)

Иппотеропиемкlэ сеанснэр илъэситl ялэкlэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы ялэжь «Надежда», «Добрые сердца» ныкъуэдыкъуэхэм ядэпэныкъу жылагъуэ зэгухэмкlэ. Абы къыщыхъуэ концертхэр къызэрагъэпэщуурэ, цIыхухэм, Iуэхущапlэхэм елъэIуурэ яхуэзэдIэкlым хуэдиз ахъшэ зэхуахьэсащ. Ипподромым и унафэщIу щытам пщIэншэу къыгъэсэбэпащ цIыху 70-м щIигъэкlыжащ.

Къаныкъуэ Арсен езым кьыхуэгъэза тхыгъэу зыри гулыитэншэу кьиГъанэркъым, дэтхэнэри набдзэгубдзапlьэу зэпкърех. Апхуэдэ кьалэн абы яхуеГъэув адрей нафэщI псоми ящIэ. Абы хуэдэ кьыхэгъащхьэхуэкlауэ жеlэ къэрал властым и Iуэхущапlэхэр нэсу зэIухуэр, цIыхуэр сытым дежи екIуалlэ хъуэ икlи лъэныкъуитlми и сэбэ кьыдэкlуэ лъэкlэн зэрыхуейр. «НэхъыщIэ лъэдапlэ цIыхуэм тэмэму епсэлъэнырщ. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэ щыIэуэ, унафэ тэмэмхэр кьыпхущэтэнукъым. Абы кьыхэкlыу сэ зыхъэщIакlуэ властым и Iэнатlэм пэрыт унафэщI псоми яхуэзгъэувынущ цIыхуэм тэмэму ядэлэжьэну», - къыщыхигъэщхьэухкlащ КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам.

А псоми кьадэкlуэу цIыхуэм ятпыщIауэ щытыт, абыхэм ядэпэжьхэм папщIэ Кьаныкъуэ Арсен иджыпсту щыIэ Iэмал псори, кьапщтэмэ, социальнэ сетхэр – Твиттер (https://twitter.com/ArsenKanokov), Facebook (https://www.facebook.com/kanokov.arsen) кьегъэсэбэн.

Кьаныкъуэ Арсен и официальнэ сайтым (глава-кбр.рф, glava.kbr.ru) Кьаныкъуэ Арсен и видеоблог кьыщыIунхуащ, апхуэдэу Интернет Iуэхущапlэ щыIэщи, ар кьигъэсэбэну дэтхэнэ зыми республикэм и Iэтащхьэм зыхунгъаз хъунущ. Сайтым и «Iэтащхьэм хуэгъэза тхыгъэхэр зытеухуар» Iыхьэр кьыдэкlуэ цIыхуэм щыгъуазэ защI хъунущ езыхэм я лъэIуэм, тхъэусыхафэхэм, кьыхалъхьэ Iуэхуэхэм кьрикIуэхэм.

Тхыгъэхэр апхуэдэу ирагъэхъхунущ press@lava@kbr.ru электрон пощтымкlэ, апхуэдэу кьызэрыкIуэ пощткlэ мы адресымкlэ: Налшык кьалэ, Ленриным и уэрам, 27, Правительствэм и унэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъуар кандидатхэм я спискэу «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм хэту депутатхэм я кандидату ятхам етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 15-м Налшык къалэ №51/1-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 66-нэ статьям и 8-нэ Iыхьэм 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и кандидату ятха Владимир Анатолий и къуэм и депутат мандатыр (67-р) хуит къэхъужауэ кьэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын кандидатхэм я спискэу «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Иуан Анатолий Бетlал и къуэм (№68).

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын кандидатхэм я спискэу «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Иуан Анатолий Бетlал и къуэм (№68).

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын кандидатхэм я спискэу «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Иуан Анатолий Бетlал и къуэм (№68).

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын кандидатхэм я спискэу «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Иуан Анатолий Бетlал и къуэм (№68).

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар етын кандидатхэм я спискэу «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Иуан Анатолий Бетlал и къуэм (№68).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Бэгъуэт Къанщобий Барэсбий и къуэм унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 15-м Налшык къалэ №51/3-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкlэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкlэ яIэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщынымкlэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъауэгъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт хуэдизм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2003 гъэм щIышылъэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Шэджэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм унафэ кьызэщтэхэм ящыщу хэтым и кьалэнхэр езым къита лъэIуэм ипкъ иткlэ нэхъ пасэу щхьэщыхьм «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ кьудамэм къигъэльэгъуауэ щыта Бэгъуэт Къанщобий Барэсбий и къуэм.

2. Шэджэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хуит къэхъуа и Iэнатlэм увынур зэгъэхьэныжьыкlэ къыхьалъхьэр хэIущIыну щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хэхакlуэ унафэщIу тхыгъэр хуэзыгъэхьэн (мы унафэм щIыгъуу).

4. Мы унафэр цIыхуэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм къытрегъэдзэн икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Иуан Анатолий Бетlал и къуэр тхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 15-м Налшык къалэ №51/2-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Иуан Анатолий Бетlал и къуэр тхьн.

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Иуан Анатолий Бетlал и къуэр тхьн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату зэрыхахамкlэ удостоверенэ етын.

3. Мы унафэр цIыхуэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм къытрегъэдзэн икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиз сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2013 гъэм мазаем и 15-м къыдигъэкlа унафэ №51/3-5-мкlэ я къыщатащ

Шэджэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу хагъэхьэн папщIэ кьагъэльагъуэ кандидатурэхэм ятеухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIахым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьет

Шэджэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм унафэ зыщIхэм ящыщу хэтым и кьалэнхэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам кьыхэкlыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкlэ я хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщынымкlэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хъыбар фегъащIэ Шэджэм щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу щIэуэ хагъэхьэнум и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыпихымкlэ.

Документхэр мы унафэр кьыщыпрадзам щегъэжьауэ мазэ 15-кlэ кьыщыIах мы адресымкlэ: КъБР, Налшык кьалэ, Ленриным и уэрам, унэ 27, пэщ 151. Телефонхэр: 47-64-42, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Я къару псори IэнатIэр ефIэкIуэным ирахьалIэ

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Министрым и докладым къыщыгъэльэгъуауэ 2012 гъэм узынщагъэр хьумэн Iэнатlэм сом мелуани 8.482,3-рэ зэрыкъухаар. А мылькур кьыхэкlаш федеральнэ, республикэ бюджетхэм, апхуэдэуи Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкlэ фондми кьыбгъэдэкlащ. Къэбгъэльагъуэмэ, 2011 гъэм ельытауэ блэкlа илъэсым я Iэнатlэм кьыIэрыхьа мылькур процент 23-кlэ нэхьыбэщ.

Узынщагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ щыIэ программэм нэхьыбэу гулыитэ зыхуищIы сабийхэмрэ анэхэмрэ хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм хэгъэхуэнырщ. Анэдэлъ абыхэм щакlэлъыплъ Iуэхущапlэхэм щрагъэкlуэжкl лэжьыгъэр тэмэму эзтеублэным программэм хуэхаха мылькум и процент 29,7-р токIуадэ. Пилитналънэ центрым сабий кьалъхуагъащIэхэм щакlэлъыплъ кьудамэщIэ кьыщыIэзэIуахащ. Реанимацэ, интенсивнэ терапиемкlэ кьудамэхэм гъэльапlэ 24-рэ щыIэу арати, иджы 25-кlэ нэхьыбэ хъуащ. Узыщыгуфlыкlэ Iуэхутхьэхэм ящыщу кьару мащIэу кьалъху щыкlуэхэм зэрадэлъыплъ IэмалыщIэхэр я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп зэрыхьуар.

- Узынщагъэр хьумэн Iэнатlэм узыщрихьэлlэ гуГъуехь ныкъуэдыкъуэхэм зэрыщыIэ Iуэхущапlэхэр зыхуэныкьуэ хьэпшыпхэмкlэ тэмэму кьызэгъэпэщауэ зэрыщымытырщ, - жиIащ министрым. - Апхуэдэу республикэм щыIэ медицинэ кьэрал Iуэхущапlэхэм ябгъэдэль мыльку нэхьыщхьэм (унэхэр, транспортхэр, Iэмэпсымэхэр) и процент 50-р жьы хъуащ. Узынщагъэр хьумэнымкlэ Iуэхущапlэу 26-м зэгъэпэщыжьынагъэ лэжьыгъэхэр кьыщрахьэжьащ, абы щыщу 11-р зыхуей хуагъэзащ. Ахэр республикэ, район сымаджэхэр, поликлиникэхэр, узыфэ щхьэхуэхэм щеIэззу щыIэ центрхэмрэ диспансерхэмрэщ. Республикэм и медицинэ Iуэхущапlэхэр нэхъ зыхуэныкьуэ хьэпшыпхэмкlэ кьыщагъэгъэпэщащ, псори зэхэту Iэмэпсымэ зэхуэмыдэу 1200-рэ кьащхэхуащ. Абы щыщу сабийхэм щеIэзэ Iуэхущапlэхэм я Iэрыхьа медицинэ хэлпшащ 372-р. Санитар машини 126-м ГЛОНАСС спутник навигацэ Iэмэпсымэр ирагъэуващ, диспетчер станцхэр, медицинэ дэлэпкъыныгъэ псынщIэмкlэ Iуэхущапlэм и пэшхэр зыхуей Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэщащ.

